



COMMUNITY
COURT
WILMINGTON

MÀNYÈL PATISIPAN AN

KONDISYON POU KALIFYE

- (1) Yo dwe akize patisipan an pou omwen yon enfraksyon ki kalifye nan Konte New Castle. Enfraksyon ki kalifye sa yo se: Dega sou Byen Moun Ekspre, Vyolasyon Pwopriyete, Dezòd Piblik, Grafiti, Valkanday, Pwostitasyon, Sou an Piblik, Vòlè nan Magazen, ak Ti Kantite Dwòg.
- (2) Patisipan an dwe dakò kondisyon lòt pwogram nan, jan mànyèl sa a ak òdonans kondanasyon an eksplike li.
- (3) Patisipan an dwe renonse a dwa li pou yo fè pwosè pou li san pèdi tan.
- (4) Patisipan an dakò fè yon evalyasyon epi suiv rekòmandasyon yo.
- (5) Patisipan an dwe kite pèsonèl Tribinal Kominotè a ak kolaboratè y ap voye l wè a(yo) bay youn lòt enfòmasyon.
- (6) Pou zafè kote gen viktim, viktim yo, dwe dakò, oswa ominimòm, yo dwe mete yo okouran epi ba yo chans bay pozisyon yo sou patisipasyon yon akize.

KONDISYON DESKLIZYON

- (1) Akizasyon moun nan genyen kont li an(yo) kounye a gen ladan vyolans famiyal.
- (2) Moun nan an pwobasyon kounye a, nan kèlkeswa Tribinal la nan Delaware.
- (3) Yo akize moun nan pou yon enfraksyon ki nan 11 Del. C. 4201, 42 U.S.C. 3797u-2 oswa yo kondane l pou yon deli kote li donmaje yon lòt moun fizikman; oswa
- (4) Moun nan gen omwen yon akizasyon pou krim ki poko rezoud nan Delaware; or
- (5) Akize a te kondane pou delenkans seksyèl oswa akizasyon li an nan dosye li genyen kounye a se enfraksyon seksyèl; oswa
- (6) Antesedan kriminèl moun nan oswa deklarasyon ki fèt kont li yo nan dosye li genyen kounye a fè avoka gouvènman an oswa ofisye lajistis la kwè moun nan pa apwopriye pou yo aksepte l nan Tribinal Kominotè a.

NÒT ENPÒTAN: Yo dwe ofri tout moun ki respekte kondisyon pou yo kalifye yo, epi ki pa gen kondisyon esklizyon yo, opsyon Tribinal Kominotè a. Si yo pa fè òf la, Biwo Komisè Gouvènman an dwe dokimante rezon an. Tribinal la gen dwa mande ransèyman sou dosye a pou konnen si yo te ofri Tribinal Kominotè.

PWOSESIS REFERANS LA

Yo gen dwa voye patisipan yo nan Sant Resous Kominotè a pou yo evalye yo, pou youn nan moun ki annapre yo deside yon lòt santans:

- (1) Ofisye Lajistis la;
- (2) Avoka Akize a;
- (3) Komisè Gouvènman an;
- (4) Ajan Pwobasyon an;
- (5) Ajan Lapolis la;
- (6) Pèsonèl Tribinal la;
- (7) Tèt Pa yo.

Anvan yon pwosè, yon patisipan posib gen dwa kontakte Sant Resous Kominotè a (Community Resource Center, CRC) pou konnen si li respekte kondisyon yo pou li kalifye pou Tribinal Kominotè. Si li gen kalifikasyon preliminè, y ap ba li randevou pou admisyon avèk pèsonèl CRC a, l ap fè yon evalyasyon epi l ap resevwa enfòmasyon sou opsyon yo pou lòt santans. Moun ki gen reprezantan legal gen dwa mande randevou admisyon yo an avèk CRC a pase pa avoka a. Avoka akize a (si l gen youn), moun nan, avoka gouvènman an, ak Ofisye Lajistis la ap egzaminen lòt santans la. Avoka gouvènman an gen dwa egzije tou lòt manda legal, tankou restitasyon, òdonans entèdiksyon kominike, oswa konfiskasyon pwopriyete. Si tout pati yo dakò, patisipan an gen dwa kòmanse lòt santans li an.

Tribinal Kominotè a se yon pwogram volontè. Si yon moun refize lòt santans la apre evalyasyon an, l ap rete sou yon kalandriye tribinal tradisyonèl, epi yo p ap konsidere l pou Tribinal Kominotè a pou menm akizasyon an.

OBEYISANS

Y ap egzije pou patisipan yo fè sèvis kominotè ak/oswa sosyal pou respekte egzijans pwogram nan. Sèvis Kominotè a dwe fèt nan yon lokal Tribinal Kominotè a verifye. Yo gen dwa egzije yon gran evantay sèvis sosyal

tou nan men yon patisipan, dapre akizasyon an ak rezon ki alabaz enfrazyon an. An jeneral, yo pa ta dwe egzije pou patisipan yo fè plis pase twa (3) manda. Pèsonèl Tribinal Kominotè a oswa avoka gouvènman an dwe kapab eksplike nesèsite plis pase twa manda. Tribinal la dwe byen egzamine tout egzijans anplis twa manda yo epi li dwe konsidere depans ki asosye ak lè yo fè patisipan an plizyè egzijans.

RÈG PWOGRAM NAN

Kòm patisipan nan pwogram Tribinal Kominotè a, y ap egzije pou patisipan yo respekte règle ki annapre yo:

- (1) **Obeyi lalwa** - Patisipan yo PA dwe fè aktivite kriminel. Si yon patisipan gen yon nouvo akizasyon pandan li nan Tribinal Kominotè a, yo *gen dwa* mete patisipan an deyò nan pwogram nan. Yo egzije pou patisipan yo rapòte pèsonèl Tribinal Kominotè a tout nouvo arestasyon.
- (2) **Al nan tout dat ak randevou tribinal ki planifye yo** - Sa gen ladan randevou nan Sant Resous Kominotè a ak tout reyinyon ki planifye avèk founisè sèvis ou a. Si yon patisipan pa kapab ale nan yon randevou, patisipan an dwe kontakte founisè sèvis la ak Sant Resous Kominotè a touswit.
- (3) **Rive alè** - Si patisipan an rive nan yon randevou an reta, yo gen dwa konte l kòm randevou li rate, sa k ap mete patisipan an an defo avèk kondisyon pwogram nan.
- (4) **Fè manda tribinal yo selon enstriksyon yo** - Patisipan an dwe fè manda yo egzije nan men li yo jan Tribinal la ak pèsonèl Sant Resous Kominotè a ba li enstriksyon pou sa pou li reyisi pwogram nan.
- (5) **Respekte pèsonèl la ak lòt patisipan yo** - Yo p ap tolere konpòtman derespektan, vyolan oswa deplase epi y ap rapòte yo bay Tribinal Kominotè a.
- (6) **Abiye kòmsadwa** - Patisipe yo dwe abiye kòmsadwa. Yo pa dwe mete linèt solèy sòf si yo gen otorizasyon medikal.
- (7) **Pandan w nan tribinal la, rete chita ak an silans toutan, sòf lè w pa pale ak tribinal la sou zafè ki gen pou wè avèk dosye ak pwosesis Tribinal Kominotè a** - Li enpòtan anpil pou w konpòte w kòmsadwa nan tribinal la.
- (8) **Patisipe** - Patisipan yo dwe patisipe nan manda yo egzije nan men yo.

(9) **Di Laverite** - Laverite se yon bagay ki esansyèl pou Pwogram Tribinal Kominotè a. Dezonètete kapab lakòz yo mete w deyò.

ODYANS AK PARÈT NAN TRIBINAL

Moun yo gen dwa gen randevou pou yo parèt nan tribinal pou rankontre avèk ofisye lajistis la. Sa gen dwa pou antre nan Pwogram Tribinal Kominotè a, rezoud zafè obeyisans, di ofisye lajistis la ki pwogrè ki fèt, ak/oswa pou gradyasyon.

Moun yo gen dwa mande oswa diskite sou yon referans nan Sant Resous Kominotè a anvan, oswa a nenpòt nan moman sa yo: lekti akizasyon ofisyèl la, egzamen dosye oswa kalandriye pwosè.

Tribinal Kominotè a se yon pwogram volontè epi yon moun gen dwa chwazi pa patisipe.

DEZOBÉYISANS

Si yon moun pa respekte egzijans Pwogram Tribinal Kominotè a sa gen dwa lakòz sanksyon ki annapre yo:

- (1) Plis egzijans;
- (2) Travay ekri;
- (3) Mete l deyò.

PA PARÈT

Si yon patisipan pa parèt nan tribinal oswa nan sèten randevou nan dat ak lè ki planifye yo, Tribinal la gen dwa sòti yon manda arestasyon. Patisipan an gen responsabilite pou li ranwaye randevou a alavans. Si yo refize yon demann ranvwa, patisipan an dwe parèt jan sa planifye a.

FRÈ PWOGAM NAN AK RESTITISYON

Dapre kondisyon yo pou patisipan sa a an patikilye, yon patisipan gen dwa gen pou peye yon founisè sèvis yon frè. Paregzanp, patisipasyon nan seyans tretman gen dwa egzije peman founisè tretman an ak lajan ki sòti nan pòch patisipan an oswa pase pa asirans li. Frè sa yo dwe peye pou li reyisi pwogram nan.

Si yo egzije pou yon patisipan peye restitasyon, peman yo ap fèt pase pa Sant Depo ak Peman an (Filing and Payment Center), ki chita nan redchouse a, oswa nan kyòs peman toupatou nan eta a. Pèsonèl Sant Resous Kominotè a pral kontwole peman sa yo.

REKONPANS

Obeisans konstan obligasyon yo nan Pwogram Tribinal Kominotè a gen dwa pote rekonpans ki annapre yo:

- (1) Sibvansyon transpò;
- (2) Sibvansyon rad pou entèvyou;
- (3) Ajenda, journal;
- (4) Sispanasyon frè siplemantè ak depans tribinal yo;

METE DEYÒ

Si yon patisipan pa respekte obligasyon Pwogram Tribinal Kominotè a, yo gen dwa mete patisipan an deyò nan Pwogram nan. Lè sa a, patisipan an dwe atann li aske Biwo Komisè Gouvènman an kontinye avèk poustit dosye kriminel li an epi y ap planifye pwosè pou li. Si yo kondane l, santans la ap depann de ofisye lajistis la, epi gen dwa gen ladan amann, pwobasyon, sèvis kominotè, travay andeyò prizon, fèmen lakay, anprizònman ak/oswa patisipasyon obligatwa nan yon pwogram tribinal entansif pou rezoud pwoblèm li an.

KONDISYON YO POU REYISI

Pou gradye, patisipan an dwe respekte tout egzijans tribinal la ak règ pwogram Tribinal Kominotè a. Lè li fin reyisi, y ap anile dosye kriminel ki te gen pou rezoud la (*abandon pousuit*) oswa patisipan an ap deklare yon enfraksyon mwen grav, dapre akò ant pati yo.

**ENFÒMASYON POU KONTAKTE
SANT RESOUS KOMINOTÈ A**

Orè: Lendi - Jedi: 9:30 AM - 1:30 PM
Vandredi: 10:30 AM - 4:30 PM

Adrès: Leonard L. Williams Justice Center,
Second Floor
500 N. King Street
Wilmington, DE 19801

Telefòn: (302) 255-2474

Imèl: CommunityCourt@Delaware.gov



COMMUNITY
COURT
WILMINGTON